

# 16 jiyè

**M ap di nou sa : jou jijman an, moun gen pou rann kont pou tout pawòl yo di yo pat bezwen di.** Matye 12. 36

**Senyè mwen, mete pawòl nan bouch mwen pou m ka f è lwanj ou.** Sòm 51. 15

## **Tras ki pa ka efase**

Mwen pa t kontan ditou, lè m dekouvri tras pye yon timoun sou yon beton mwen te apèn koule. Mwen rele tout kat timoun yo. M mande yo : kilès ki mache sou beton an malgre m te entèdi sa a ? Pèsonn pa di anyen, men tras la deja di kilès nan yo kat la ki mache sou beton an. Ti pitit la pa t ka efase tras pye l sou beton an, tras la te fè l sonje li pase sou beton an, donk li te dezobeyi lòd paran li.

Se konsa l ye tou pou tout erè nou yo. Yo ka kite nan lespri nou ak nan lespri lòt moun ki antoure nou tras ak gwo lapenn ki pa ka efase pandan pasaj nou sou tè a.

Anplis, nou dwe sonje ke tout sa nou panse ak tout sa nou fè anrejistre nan syèl la, Bondye konnen tout. Sa a se yon bagay enpresyonan ki ka fè n pèdi espwa si levanjil pa eksplike nou.

Ak volonte pa nou, nou pa kapab efase okenn nan peche nou yo nan liv Bondye a. Men, Bondye li menm menm va efase yo pou nou. Si nou vin jwenn li, konfese peche nou yo, e kwè nan Pitit li a ki te mouri pou peche nou yo, ki leve sòti vivan nan lanmò.

Li te pwomèt : “se mwen menm ankò k ap efase tout sa nou fè ki mal. Mwen p ap kenbe nou nan kè poutèt peche nou yo... m te fè peche nou yo disparèt devan je m tankou yon nyaj nan syèl la. Tounen vin jwenn mwen non, paske se mwen ki te delivre nou” (Ezayi 43. 25 ; 44. 22).

# 16 juillet

**De toute parole vaine qu'ils auront dite, les hommes rendront compte au jour du jugement.**

Matthieu 12. 36

**Seigneur, ouvre mes lèvres, et ma bouche annoncera ta louange.** Psaume 51. 15

## **Empreintes ineffaçables**

Je découvre, pas content du tout, l'empreinte d'un petit pied sur la dalle de béton fraîchement coulée. Les quatre enfants sont convoqués. Qui a marché sur le ciment malgré mon interdiction ? Pas de réponse, mais la pointure de la petite chaussure désigne le coupable. Trace ineffaçable qui lui rappellera, toutes les fois qu'il passera par là, sa désobéissance.

Ainsi en est-il de certains de nos "faux-pas". Ils peuvent laisser sur notre esprit et sur celui des autres autour de nous, des marques durables et des impressions pénibles qui, dans certains cas, ne pourront pas être effacées durant notre vie sur la terre.

Mais par-dessus tout, rappelons-nous que toutes nos pensées, toutes nos paroles, tous nos actes, sont connus de Dieu dans le ciel. C'est là une pensée impressionnante, qui serait même désespérante, sans l'éclairage de l'Évangile.

Par nous-mêmes, nous ne pouvons effacer du livre de Dieu aucun de nos péchés. Cependant, Dieu lui-même les enlèvera pour nous, si nous venons à lui en confessant notre culpabilité et en croyant en son Fils mort et ressuscité.

Il a promis : "C'est moi, c'est moi qui efface tes transgressions à cause de moi-même ; et je ne me souviendrai pas de tes péchés... J'ai effacé comme un nuage épais tes transgressions, et comme une nuée tes péchés : reviens à moi, car je t'ai racheté" (Ésaïe 43. 25 ; 44. 22).